



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

Yo administre 146,518 dòz nan tout Eta New York nan dènye 24 èdtan yo

Yo te administre plis pase 1 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

*Tablodò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram
vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Yo te administre 146,518 dòz nan tout gwo rezo distribisyon New York la nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te administre plis pase 1 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"Vaksen kont COVID-19 la ap distribye nan tout New York, epi li pral distribye nan gwo kantite pandan kèk semèn ki ap vini yo, yon operasyon lojistik tankou sa ou pa janm wè pou mete plizyè milyon dòz nan bra moun yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Bòn nouvèl sèke vaksen an mache--nou te bay 7 milyon dòz jiska prezan, epi Nouyòkè yo ta dwe pran nenpòt vaksen yo kapab paske yo tout mache. Nou pral genyen plis vaksen Johnson & Johnson ki ap vini paske yo pral genyen pwodiksyon ki pi wo a epi yo pi fasil pou administre. Se lannwit ak lajounen ant bay yon dòz ak de (2) dòz, ak egzijans pou repwograme dezyèm randevou yo. Mwen te pran J&J an, li mache epi li pi senp. Sa ap ogmante."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite founiti ki soti nan gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 1PM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 7,150,352

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 146,518

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,047,299

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 24.00%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 12.40%

Rejyon	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	295,731	6,528	148,942	2,841
Central New York	262,189	5,473	146,497	2,438
Finger Lakes	304,807	7,792	154,838	1,976
Long Island	550,954	13,008	305,350	7,390
Mid-Hudson	463,752	13,313	229,619	3,721
Mohawk Valley	129,975	2,570	71,042	1,439
New York City	2,157,295	35,051	1,093,470	27,921
North Country	147,516	2,236	85,073	1,654
Southern Tier	162,576	3,636	87,122	1,637
Western New York	316,099	10,030	171,289	2,148
Nan tout Eta a	4,790,894	99,637	2,493,242	53,165

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3	227,395	0	227,395	843,170

Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03				
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110

Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	455,365	339,790	795,155	7,336,265
---	---------	---------	---------	-----------

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)